

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil tina panalungtikan dalapan carpon diantarana baé ‘Nu Nyuuh Dina Lamunan’, ‘Langit Leubeut ku Béntang’, ‘Mulang, Nu Harayang Dihargaan’, ‘Ibu Guru’, ‘Patung jeung Hayam’, ‘Peuting nu Hareudang’, jeung ‘Si Ato Miara Jago’ dianggap ngébréhkeun idéologi gender jeung kateuadilan gender anu karandapan ku tokoh wanoja. Anapon anu diguar nya éta idéologi patriaki, idéologi ibuisme, idéologi familialisme jeung idéologi umum, ngan dina ieu panalungtikan idéologi ibuisme teu ditalungtik lantaran kurangna korelasi jeung karya anu ditalungtik. Dina kateuadilan génder anu diguar nya éta marginalisasi atawa pemiskinan, subordinasi, méré label negatif, lampah katideresa jeung beban gawé anu leuwih réa.

Idéologi patriaki anu diguar dina ieu panalungtikan kasampak dina carpon ‘Nu Ceurik dina Lahunan’, ‘Langit Leubeut ku Béntang’, ‘Mulang’, ‘Nu Harayang Dihargaan’, ‘Patung jeung Hayam’, jeung ‘Si Ato Miara Jago’, katangén sistem sosial anu ngarojong predominasi lalaki, ngabalukarkeun dipuseurkeunna kakawasaan jeung kaistiméwaan di kaom lalaki, sarta ngabalukarkeun kontrol jeung subordinasi atawa nyapirakeun wanoja, nyiptakeun katimpangan atawa kateuadilan génder.

Idéologi familialisme anu nyampak dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* katangén dina carpon ‘Mulang’ jeung ‘Si Ajo Miara Jago’, kasampak tina kanyaah indung ka nu jadi anak anu ébréh natrat ku Indungna Dédéh jeung Warnasih. Idéologi umum dina Kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* kasampak dina carpon ‘Mulang’, ‘Ibu Guru’, ‘Patung jeung Hayam’, sarta ‘Peuting nu Hareudang’, tokoh-tokoh dina éta carpon geus jadi korban tina lampah mencilkeun jeung ngadiskriminasi tokoh Dédéh, Imas. Icih, Ma Ocih jeung Imas.

Lian ti kitu kateuadilan gender ogé karandapan ku tokoh dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* natrat dina Marginalisasi atawa Pemiskinan

ékonomi anu nyampak dina carpon ‘Ibu Guru’, tokoh Imas dina ‘Peuting Nu Hareudang’, sarta tokoh Ma Ocih dina ‘Patung jeung Hayam’. Subordinasi atawa anggapan teu penting karandapan ku tokoh Dédéh dina ‘Mulang’, tokoh Warnasih Dina ‘Si Ato Miara Jago’. Lampah stereotipe ata méré label negatif karandapan ku tokoh Dédéh anu disebut Janggol, sarta Ichi anu diasosiasikeun kana hayam. Lampah nirca ka wanoja karandapan ku tokoh Rina, Ika, Ichi ‘Patung jeung Hayam’, Dédéh jeung Warnasih. Éta lima tokoh téh dirogahala boh sacara fisik boh sacara seksual.

Kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* nembongkeun budaya patriarki anu kacida kuatna. Masarakat kalér anu pernahna di wewengkon Karawang, ngabuktikeun yén lalaki masih ngadominasi wanoja, ngadiskriminasi sarta ngalakonan lampah katideresa ka wanoja. Kitu deui pajamanan dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan*, némbongkeun kakawasaan jeung dominasi pamaréntah mampuh ngabuburak jeung ngarobah kaayaan sosial kamasarakatan.

5.2 Saran

Sanggeus ngalakonan panalungtikan ngeunaan idéologi gender anu nyampak dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* aya sawatara saran nu disusun pikeun pihak anu aya gantar kakaitanna jeung ieu panalungtikan kawas: masarakat akademik atawa nu maca, lembaga paélman, jeung nu nalungtik saterusna

5.2.1 Masarakat Akademik atawa nu Maca

Pikeun masarakat akademik dipiharep bisa ngawanohkeun sarta nguyeuban ulikan ngeunaan gender, anu masih kénéh héngkér. Kitu deui, kritik sastra féminis anu tacan pati réa dipedar ku panalungtik di sastra Sunda.

5.2.2 Lembaga Paélman

Lembaga paélman dipiharep mampuh ngahudang karep di lingkungan akademisi kana aprésiasi kajian sastra atawa kritik sastra dina widang kritik sastra feminis sok komo kana kajian gender. Kajian sastra feminis mangrupa salasahiji

ulikan anu masih réa lolongkrangna, duméh féminisme masih kénéh mekar luyu kana kamajuan jaman.

5.2.3 Nu nalungtik saterusna

Ieu panalungtikan masih réa kahéngkéran, ku kituna panalungtik saterusna dipiharep bisa maham kana ulikan feminism jeung ulikan gender. Salian ti éta panalungtik saterusna dipiharep bisa ngeuyeuban deui khasanah karya sastra nu miboga ajén-inajén féminisme lantaran dunya féminisme tuluy ngalaman parobahan luyu jeung kamekaran jaman.